

## AVI PIBLIK

### Revizyon ki Disponib sou Aplikasyon CDBG-DR Eta New York

Konte Nassau, NY anonse yo gen entansyon pou soumèt yon aplikasyon pou jwenn lajan nan Pwogram Sekou pou Katastwòf nan Sibvansyon Debaz Devlopman Kominotè [Community Development Block Grant-Disaster Recovery (CDBG-DR)] Eta New York oswa konsènan Janvyè 26, 2015 pou pwojè ki endike anba la a: Sou-Estasyon Prensipal Faz E3 Izin Tretman Dlo Ize [Sewage Treatment Plant (STP)] Bay Park ak Distribisyon Elektrik.

Aktivite: Yo pral itilize lajan CDBG-DR Eta New York pou bay ekivalan 10 pousan pou Plan Pwosedè Altènativ FEMA 428 pou \$810,000,000 dola. Yo pral itilize 10 pousan pou konstriksyon ki asosye avèk distribisyon elektrik Bay Park STP ak enfrastruktir pwodiksyon enèji pou ijans. Elevasyon etaj plan an pou nouvo bilding Sou-Estasyon Prensipal (Main Substation (MSS)) pral bati dapre evènman inondasyon sou 500 ane (Elevasyon 18.25 pye), ki se apeprè uit pye anwo elevasyon debaz 10 pye pou inondasyon, pou diminye posiblite pou dlo antre ki kapab fèt pandan ak apre evènman tanpèt. Pandan Ouragan Sandy, distribisyon elektrik ak sistèm pwodiksyon enèji STP te vin pa kapab fonksyone akòz dlo inondasyon ki te inonde konduit yo nan antre ki anba sou-estasyon an, inondasyon sou tè, epi nan yon sistèm drenaj STP ki te twò chaje. Avèk pwojè a, rezilta yo prevwa (yo) sèke STP pral rete ap fonksyone pandan ak apre evènman tanpèt pidevan k ap anpeche dlo ize retounen nan lari a ak nan kay ki toupre yo ak etandi dlo sifas yo, sa k ap pwoteje sante ak sekirite piblik la, ak enterè kominote a tou.

Objektif: Pou asire Bay Park STP rete ap fonksyone pandan ak apre evènman tanpèt pidevan yo pou pwoteje sante ak sekirite piblik la, ak enterè kominote a pou moun k ap viv nan Konte Nassau, New York.

Adrès: Pòsyon CDBG-DR Bay Park STP se Faz E3 Sou-Estasyon Prensipal ak travay Distribisyon Elektrik ta fèt nan chantye Bay Park STP ki la deja, ki nan Marjorie Lane, East Rockaway, Town of Hempstead, NY 11518. Zòn sèvis 70 mil kare STP gen ladan apeprè 550,000 moun k ap viv nan Konte Nassau, ki reprezante apeprè 40 pousan popilasyon Konte a.

Kantite Lajan: Tablo 1 an montre aktivite CDBG-DR ak kantite lajan ki koresponn pou Faz E3 Sou-Estasyon Bay Park STP ak travay Distribisyon Elektrik la, ansanm avèk estimasyon depans total pou pwojè a.

Tablo 1. Sous Finansman Faz E3 Sou-Estasyon Prensipal Bay Park STP ak Distribisyon Elektrik, Kantite Lajan ki Koresponn ak Aktivite.

Sous Finansman	Kantite Lajan	Aktivite
CDBG-DR	\$81,000,000	Faz E3-Konstriksyon ki Asosye
CDBG-DR	\$20,000,000	Faz E3-Konstriksyon ki Asosye
Pwogram Lòt Kalite Pwosedè FEMA PA	\$42,000,000	Faz E3-Konstriksyon ki Asosye
<b>TOTAL Faz E 3</b>	<b>\$143,000,000</b>	

Yon kopi aplikasyon an ap disponib pou revize nan Nassau County Executive Building, 1 West Street, 4<sup>th</sup> Floor, Mineola, NY 11501, lendi jiska vandredi ant 8 a.m. ak 5 p.m. Avi a ap disponib

tou sou sitwèb Depatman Travo Piblik [Department of Public Works (DPW)] Konte Nassau nan: <http://www.nassaucountyny.gov/1865/Public-Works>.

Nou ankouraje tout sitwayen, sitou moun ki pa touche ase revni ak moun ki touche revni modere ak sitwayen zòn degrade yo, epitou moun ki afekte akòz pwojè a, pou yo soumèt pwendvi yo ak pwopozisyon yo anvan dat Janvyè 23, 2015 ba Konte Nassau nan adrès ki endike anba la a:

Nassau County Executive Building  
1 West Street, 4<sup>th</sup> Floor  
Mineola, NY 11501

Answit, enfòmasyon ki endike anba la yo ap disponib:

- a. Kantite lajan an, ansanm avèk revni pwogram nan, ki disponib pou aktivite sekou pou katastwòf nan devlopman kominote ki pwopoze pou dènye ane fiskal la;

Lajan posib ki disponib pou aktivite CDBG-DR ki pwopoze endike nan New York Rising Community Reconstruction Plans (NYRCR) pou Konte Nassau, ki disponib sou paj sitwèb Pwogram New York State New York Rising Community Reconstruction nan <http://stormrecovery.ny.gov/nyrcr/final-plans#1>.

- b. Enpòtans aktivite Pwogram Sekou pou Katastwòf nan Sibvansyon Debaz Devlopman Kominotè [Community Development Block Grant-Disaster Recovery (CDBG-DR)] ki ka fèt;

Enpòtans aktivite CDBG-DR yo pwopoze yo endike nan New York Rising Community Reconstruction Plans (NYRCR) pou Konte Nassau, ki disponib sou paj sitwèb Pwogram New York State New York Rising Community Reconstruction nan <http://stormrecovery.ny.gov/nyrcr/final-plans#1>.

- c. Kantite lajan fon CDBG-DR estime yo pwopoze ki dwe itilize pou aktivite k ap reyalize objektif nasyonal pou bay avantaj pou moun ki pa touche ase revni ak moun ki touche revni modere; epi

Lojman ak Devlopman Iben [Housing and Urban Development (HUD)] detèmine yon objektif ki endike 50 pousan fon CDBG-DR dwe sèvi pou objektif nasyonal Revni Ba ak Revni Modere [Low to Moderate Income (LMI)]. Faz pwojè E3 Sou-Estasyon Prensipal Izin Tretman Dlo Ize [Sewage Treatment Plant (STP)] Bay Park ak Distribisyon Elektrik ap nan avantaj apeprè 32 pousan popilasyon LMI (176,739 moun) nan zòn sèvis STP (550,810 moun).

- d. Plan (yo) la pou prèske evite moun yo deplase akòz aktivite ki jwenn èd avèk fon an ak avantaj Konte Nassau dwe bay pou moun ki deplase yo akòz aktivite sa yo.

Vèsyon Pwovizwa Plan Anti-Deplasman Konte Nassau disponib pou revize nan: Nassau County Executive Building, 1 West Street, 4th Floor, Mineola, NY 11501 pandan lè biwo louvri.